**РЕЗЮМЕ.** Театр - зеркало духовности. Действительно, театр это неотъемлемая часть культуры, являющейся подлинным учебным заведением. Прежде всего это отражает судьбу нации, человеческую жизнь, национальную тревогу и радость.

**SUMMARY.** Theater is a mirror of spirituality. The theater, which is an integral part of culture, is a genuine educational institution. First of all it reflects the fate of the nation, human life, national anxiety and joy.

***KINO HÁM DRAMATURGIYA***

# KINO HÁM TEATRDA MÁKÁN MUZÍKASÍ

**M.B.Abdreymov** - *assistent oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** ovoz, ovoz rejissyori, akustika, kino, teatr, texnologiya, mikrofon, muzika, aktyor, audivizual.

**Ключевые слова:** звук, режиссер, акустика, кино, театр, технология, микрофон, музыка, актер, аудиовизуальный.

**Key words:** sound, director, acoustics, cinema, theater, technology, microphone, muzika, actor, audivisual.

XXI ásir texnikalıq hám texnologiyalıq rawajlanǵan ásir. Qaysı tarawǵa názer taslasaq ta átirapta barlıq kásiplerde belgili ilimpazlardıń ilimiy jańalıǵı jańa dóretiwshilik hám ilimiy jaratıwshańlıqtıń gúwası bolamız. Ózbek hám qaraqalpaq kino hám teatr kórkem óneriniń buǵan baylanıslı tutqan ornı ayrıqsha bolıp tabıladı. Teatr hám kino tarawlarındaǵı ses rejissyorlıǵınıń búgingi kúnde tutqan ornı bolsa júdá quramalı processlerden esaplanıp óz ornında jańa ilimiy kóz qaraslardıń artıp barıwı kásiptiń sintezlesiwi menen bir qatar óz qıyınshılıqların hám barǵan sayın ilimiy hám dóretiwshilik, texnikalıq jańalıqlardıń mútájligin asırıp atır. Kásipte dawıs effektleri, dawıs bezetiwdegi ornı búgingi kúndegi turmısımızdıń bir bólegi bolıp úlgergen ekran kórkem ónerinde, kino kórkem ónerin olarsız kóz aldımızǵa keltiriwdiń ılajı bolmay qaldı. Bunı biziń aqlımız vizual túrde audionı esitpesten qıyalıy audio ónimdi pikir etetuǵın boldıq. Sebebi ápiwayı biz átirapimizdi seslersiz kóz aldımızǵa keltiriwdiń ilaji joq. Bul jaǵdaylar haqqında ilimpazlarımız da ózleriniń jumısların alıp barıp atır. Bul maqalada biz teatr hám kino kórkem ónerinde atmosferanıń jaratılıwı, onıń biz tamashagóylerge tereńrek tásiri yaǵnıy, hár túrli jaǵdaylarda paydalanatuǵın muzıka haqqında sóz etpekshimiz.

Saxnadaǵı háreketke muzıka hám shawqımlardı sinxron repeticiya dawamında saxnaǵa shıqqan kúninen baslanadı. Spektakl muzıkası tek ǵana emocional jaǵdaylardı súwretlep qoymastan, syujet rawajlanıwın hám keyipin bildiredi. Ses rejissyorı spektaklge muzıka tańlaǵanda hár bir tamashagóy sana-sezimine tásir kórsetiwden tısqarı muzıka dawısları menen kewilge kirip baradı. Tamashagóylerdi quwantadı, gózzallıqqa, jaqsılıqqa jeteklep estetikanıń gózzal álemine alıp kiredi. Ayırım waqıtları aktyordıń ishki monologların, ishki sezimlerin muzıka arqalı jetkerip beredi. Sol maqsetlerdi ámelge asırıw ushın teatrlarda ses rejissyorları spektakldegi kerekli jerde muzıkanı tańlap biliwleri shárt. Muzıkalı teatrlarda ses rejissyorlıǵınıń eń áhmiyetli tárepi bul – kompozitor, dirijyor hám atqarıwshılar járdeminde ortalıq til tabısıwı bolıp tabıladı. Qanday da bir kórkem shıǵarma ústinde dirijyor, jámáát, kompozitor menen jumıs baslar eken, ol jazǵan shıǵarmanıń tikarǵı mazmunın túsiniwi oǵada áhmiyetli. Ses rejissyorı sol miynettiń «mákan normaların» úyrenip shıǵadı.

«Mákan normaları» degenimizde, studiya hám zalınıń akustikalıq talapları, ses jazıw procesinde paydalanılıp atırǵan ásbap úskeneleriniń xarakteristikası túsiniledi. Bul obyektiv qaraslar bolıp tabıladı. Bunnan tısqarı, subyektiv qaraslar da bar. Oǵan ses rejissyorınıń orkestr menen islewi kiredi. Atqarıwshılar járdeminde islep, olardı ózine qaratıp, isendire alıwı kerek hám olardı boysındırıwı kerek. Biziń Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleket akademikalıq muzıkalı teatrımızda da birneshe ses rejissyorlari jumıs alıp barmaqta. Zaldıń ústi, saxnaǵa qarsı tárepi ses rejissyorları otıratuǵın arnawlı bólmeler bar. Ayna arqalı, saxnanı kórip otırıp spektakllerge kerekli orında muzıka yamasa shawqımlardı berip otıradı. Kóp jıllıq tariyxqa iye bul teatrda birneshe ustaz ses rejissyorları jumıs alıp barǵan.

Solardıń ishinde Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken mádeniyat xızmetkeri ustazımız, marhum Polat Júginisovtı aytqımız keledi. Polat Júginisov ses rejissuorasınıń arnawlı bilimine iye bolmasa da, teatrdıń miynetsúyeri, haqıyqıy jankúyeri edi. Barlıq spektakllerge muzıka tańlap, kerek jerlerinde shawqımlardı durıs tańlaǵan. Teatrdıń barlıq akustikasın jaqsı bilgen.

Ol qasında birgelikte islegen shákirtlerine teatrdıń barlıq texnikalıq úskenelerin úyretip kelgen. Spektakl shıqpay turıp pyesa menen tanısıw kerekligin hám saxnalastırıwshı rejissyorǵa óziniń pikir bildiriw kerekligin aytatuǵın bolǵan.

Etnografiyalıq, geografiyalıq, dáwir hám zamandı belgileytuǵın muzıka, saxnada júz berip atırǵan haqıyqatlıq qanday ortalıqta júz berip atırǵanın sóylewsiwshi muzıka. Mısalı, qorqınıshlı jerleri, belgisiz hám qáwipli saxnalar, bayram bolıp atırǵan waqtta hám taǵı basqa saxalarda biz paydalanatuǵın muzika túrin *fon* muzıkası dep ataymız bunda: Aktyorlardı minez-qulqına anıqlıq kirgizetuǵın yamasa olardı ortalıǵı hám mákanın belgilep turatuǵın muzıkalardı fon muzıkası deymiz. Fon muzıka dóretpe qahramanların saxnadaǵı háreketlerin jáne de tásirli bolıwın támiyinleydi. Mısalı, tańǵı waqıtta, jazǵı dem alıw ornı. Radiodan azandaǵı dene shınıqtırıw shınıǵıwların orınlawǵa mólsherlengen muzıka sesi jańlap atır. Bul atmosferadaǵı muzıkası fonında dóretpe qahramanları kútilmegende dus kelip, sáwbet qurıp atır. Yamasa, tún shekshek hám qurbaqalardıń sayrawı túnniń tınıshlıǵın bildirip turıptı. Úyge kimdur júrek urıwın yadqa salıwshı fon muzıka sesleri astında áste-aqırınlıq penen kirip kiyatır. Bul muzıka tamashagóyge ne ekenin aytıw kerek kirip, kiyatırǵan shaxs urlıqshı. Muzıka sesleri ózgerip, waqıya rawajlanıwı ózgerip ketiwi, kirip kelgen qaharman urı emes sol shańaraqtıń iyesi bolıp shıǵıwı múmkin hám taǵı basqa. Álbette bul muzıkalardıń hámmesin kompozitor dúnyaǵa keltiredi. Házirgi kúnde kompozitorlar menen melodist kompozitorlardı aljastırıp qoyıw ushrap turadı. Kompozitor pútkil bir kompoziciyanı jazsa, melodist qanday da bir saz ásbap ushın jazǵan melodiyası ushın solay ataladı. Joqarıda aytıp ótkenimizdey kásiplerdiń sintezlesiwi nátiyjesinde soǵan uqsas kishkene qarama-qarsılıqlı mashqalalar ushırap turıptı.

Muzıkalıq akcent (pát). Saxnalıq muzıkalıq miynettiń rawajlanıwında tamashagóydiń itibarın spektakldiń waqıyalar dizbeginde payda bolǵan jańa jaǵdayǵa qaratıw ushın belgili dóretiwshilik jaǵdaylarda ayrıqsha qısqasha muzıkalıq pát beriwshi kerekli jaǵday tuwılıp qaladı.

Bul muzıkalıq akcent kópshilik jaǵdaylarda waqıyalarǵa berilgen bahalaw procesiniń joqarı shıńı retinde qaraladı. Joqarıda alıp kelgen mısaldıń sol jaǵdayındaǵı kórinisin alsaq. Tún, shekshek hám qurbaqalardıń sayrawı túnniń tınıshlıǵın bildirip turıptı. Úydıń eki tárepinen eki kisi júrek urıwın yadqa salıwshı fon muzıkası sesleri astında áste aqırın kirip kiyatır. Hár eki kisi saxna ortasına kelip, bir-birlerine kózi túsken waqıtta birden litavranıń gúmbúrlegen sesti esitiledi.

Muzıkalıq akcent olardıń múnásibetlerine aydınlıq kirtiwine múmkinshilik jaratıp beredi. Berilgen jaǵdaydan kelip shıǵıp qaharmanlar ózleriniń minez-qulqın dawam ettiredi. Sonday jaǵdaylarda tamashagóy itibarın tartıw ushın isletiletuǵın qısqasha muzıkalıq fragmentti, muzıkalıq akcent deymiz.

Muzıkalıq xarakteristika hárbir saxna shıǵarması tiykarında aytajaq bolǵan ideya jasırınǵan boladı. Saxnada háreket qılıp atırǵan personajlar usı ideyanıń ańlatpasına xızmet etedi. Dóretpe qaharmanlarınıń óz aldılarına qoyǵan maqset hám wazıypaları bolıp olar málim bir mániste rawajlanıp yamasa kerisinshe tómenlep baradı. Saxnada júz berip atırǵan waqıyalar bir-birin logikalıq jaqtan toltırıp bas waqıyanıń júz beriwine alıp keledi. Muzıkalıq xarakteristika saxnadaǵı haqıyqatlıqtı ishki jaǵdaydı ashıp beretuǵın muzıka.

Mısalı, haqıyqatlıqtıń sırtqı kórinisinde bayram bolıp atır biraq, qaharmanlardan birewiniń jasırın ishki jaǵdayı qayǵılı, buzǵınshılıq bolıp atır. Muzıkalıq xarakteristika menen sol ishki jaǵday ashıp beriledi Xor: Xor sózi eramıızdan aldıngı 400-350-jıllarıEvripid hám Esxil dáwirinde payda bolǵan desek asıra aytqan bolmaymız. Ol dáwirde pyesalar házirgidey saxnalastırılmaǵan. Saxnaǵa aldın teatrdıń xor jámááti kirip kelgen. Xor eki dawıslı hám úsh dawıslı xor jámááti pyesadaǵı waqıyalar rawajlanıwın atqarıp bergen. Sonnan keyin saxnaǵa aktyor kirip kelgen hám xor tárepinen atqarılıp saxna kórinisin súwretlegen. Házirgi kúnde xor muzıkalı spektakldiń, muzıkalı dramaturgiyanıń ajıralmaytuǵın bólegine aynalǵan. Muzıkalı spektakl ústinde jumıs procesinde shıǵarmanıń ideologiyalıq mazmunınan, qaharmanlardıń hárakterinen kelip shıǵıp ariya, duet, trio, kvartet, kvintet muzıkalı nomerler jaratılar eken, olarǵa sáykes xor hám xoral partiyaları da jazıladı.

Xoral: Xor partiyaların atqarıwshı topar dep ataymız, spektakldegi muzıkalıq kórinislerdiń baslanıwında xoral orınlanıwında baslanıwı da múmkin. Waqıyada xordıń roli. Xordı da aktyorlardan biri dep esaplaw kerek.

Álbette búgingi kúnde rawajlanǵan zamanda texnikalar járdeminde kino hám teatr kórkem ónerinde dóretiwshilik jańalıqlar, texnikalıq jańa tabıslarǵa erisilip atır.

**Ádebiyatlar**

1. Абдуназаров З. «Ижодий синтез жараёнларини ташкил этишда режиссёрнинг роли». Oriental Art and Culture, (6) 2021.
2. Bawetdinov Sh.K. «Teatr va kinoda muxit va makonni belgilovchi musiqa». "Oriental Art and Culture" Scientific Methodical Journal. 08. 2023.
3. Болтабоева У. «Бўлажак актёрларни тарбиялашда педагогик ёндашувлар». Oriental Art and Culture, 2(3), 88-98. 2021.
4. Boltaboeva U., Abdunazarov Z. & Usmonov S. «The balance of language and speech in the Uzbek theater». Asian journal of multidimensional research, 10(4), 788-792. 2021.
5. Haydarov A. «A look at russian musical culture in the second half of the XIX century». current research journal of pedagogics, 2(11), 24-312021.
6. Ғофурова Б. «Актёрнинг нутқини такомиллаштиришда инновацион технологияларнинг аҳамияти». Oriental Art and Culture, (V). 2020.



**REZYUME.** Mazkur maqolada biz kino va teatr san'atida ovoz bezagining kerakli faktori bo'lgan musiqiy bezagi uning foydalanish o'rni, uning natijasi qaysı holatlarda kerakligi haqida so'z boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье мы поговорим о музыкальном оформлении, которое является ключевым фактором звукового оформления в кинематографическом театральном искусстве.

**SUMMARY.** In this article, we will talk about what situations the role of its use in the musical decoration, which is the main factor of sound decoration in the theatrical art of cinema, is neede.


## SES REJISSYORLÍǴÍ SHEBERLIGINDE SAZ ÁSBAPLARDÍ ÚYRENIW


**Sh.K.Bawetdinov –** *assistent oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so'zlar:** ovoz rejissyori, dirijyor, akustika, teatr, texnologiya, mikrofon, orkestr, muzika, partitura, simfoniya.

**Ключевые слова:** звукорежиссер, дирижер, акустика, театр, техника, микрофон, оркестры, музыка, партитура, симфония.

**Key words:** sound, director, conductor, acoustics, theatre, technology, microphone, orchestra, music, score, Symphony.


Dúnyada saz-sáwbet, qosıq, «muzıka» tıńlaw júdá áyyemgi dáwirlerde, jer betinde tirishilik payda bolıwı menen bir qatarda kelip shıqqan. Aradan birneshe mıń jıllardıń ótiwi menen adamzat aqılınıń, sana-seziminiń rawajlanıwına baylanıslı kún-kóris maqsetinde, olar ań awlaw ushın qattı kerilip tartılatuǵın hár qıylı aw duzaq sabaqların, oq jaylardı oylap tapqan. Oq jayǵa kernep tartılǵan jiplerden qanday da bir jaǵımlı ses shıǵatuǵınlıǵın ańlaǵan, onnan tısqarı taw jıralarında, taw úngirleriniń qasında turıp, qattı baqırǵan waqıtta, tawlardaǵı jıra hám saylardan, úngirlerden adamlardıń dawısına uqsas ses qayta jańǵırıp shıǵatuǵınlıǵı belgili bola baslaǵan. Haqıyqatında da eski aǵash gúze, gúbi, shelek, tas gúzelerdiń awzına jaqın bir qıya baqırsań, onıń izin ala sol jerden óziniń dawısı qaytalanıp jańǵıradı. Bunday sesler rezonans, bizińshe aytqanda, qayta jańǵırıw qubılısı dep ataladı. Bulardıń barlıǵı házirgi zamangóy ilimde ses rejissyorları tárepinen hár kúni qollanıladı. Ses rejissyorlıǵı sheberligi óz aldına kásip bolıp rawajlanǵannan soń ol kásip óz aldına shaqaplarǵa bólindi, olar tómendegishe:

- Kino ses rejissyorlıǵı;
- Televidenie ses rejissyorlıǵı;
- Radio ses rejissyorlıǵı;
- Teatr tamashaları ses rejissyorlıǵı;
- Massalıq koncert ses rejissyorlıǵı;
- Studiya ses rejissyorlıǵı.

Hár túrli video oyınlar ses dizayneri hám taǵı basqa ekran kórkem óneriniń rawajlanıwına qarap bólinip atır.

Bul kásiptiń en jayıwı rawajlanıwlardan, al qánigeler ushın bolsa ele de uqıplılıqtı jeke ilmiy hám dóretiwshilik izleniwlerdi talap etpekte. Usı bólingen shaqaplardıń ishinde studiya ses